



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON REKÒ WO KI DEPASE 175,000 DÒZ VAKSEN COVID-19 KI ADMINISTRE NAN 24 ÈDTAN

Plis pase 4 milyon piki an total te administre jiskaprezan

Travayè nan otèl yo kapab ajoute nan popilasyon elijib nan kad gwoup priyòrizasyon 1B; Depatman Sante lokal yo detèmine kijan, ki kote, kilè pou pran randevou nan jiridiksyon yo

Aprè yon [lèt](#) lejislètè yo konsènan disparite nan vaksinasyon Bronx yo, Depatman Sante Eta a pral travay avèk Depatman Sante Vil New York pou asire inekite sa a rezoud touswit

Jiska 1PM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 91% nan premye dòz yo

*[Tablodò Vaksen an](#) pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogram vaksinasyon eta a; ale sou [ny.gov/vaccinetracker](https://www.ny.gov/vaccinetracker); Tablodò a genyen ladan *I done demografik kounye a**

Gouvènè Cuomo anonse 179,038 dòz vaksen COVID-19 ki te administre nan 24 èdtan, yon nouvo rekò pou eta a. Jiska 1:00 PM jodi a, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 91 pousan nan premye dòz yo jiskaprezan. Alokasyon semèn 11 gouvènè federal la nan wout pou livre bay founisè yo pou administre.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse elijibilite a agrandi pou vaksen COVID-19 la pou travayè otèl yo. Otèl yo nan anpil pati nan eta a sèvi kòm zòn karantèn pou moun ki pozitif pou COVID pou izole yo de fanmi yo. An retou, pèsonèl etablisman sa yo ekspozè ak COVID regilyèman. Lè nou konsidere ogmantasyon jeneral apwovizyonman Eta a ak sèvis swen sante esansyèl yo ke travayè otèl sa yo ofri, Gouvènè a ap bay lokalite yo fleksibilite pou ajoute travayè otèl yo nan gwoup priyòrizasyon vaksen 1B.

"Après 180,000 vaksinasyon nan yon sèl jou se yon gwo etap nan efò kontinyèl nou yo pou asire Nouyòkè ki elijib yo, espesyalman sila yo nan kominote ke COVID la te frape pi di, jwenn aksè dirèk ak vaksen an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sepandan, nou toujou nan yon kous pou kenbe to enfeksyon an ba epi fè vaksinasyon yo monte. Pandan to enfeksyon an se yon fonksyon konpòtman nou, to vaksinasyon an dirèkteman konekte ak apwovizyonman epi nan moman an, demann pou vaksen an

toujou depase anpil apwovizyonman nou. N ap kontinye travay avèk patnè federal nou yo ak gwo rezo distribisyon vaksen an pou repati dòz yo osito nou jwenn yo - avèk yon konsantrasyon sou kominote vilnerab ak defavorize yo - epi pèmèt piki yo ale nan bra yo osi vit ak ekitab posib."

Gouvènè a te resevwa yon [lèt](#) Senatè Speaker Hestie, Senatèl Jamaal Bailey ak lòt reprezantan eli nan Bronx ki deklare ke Bronx pa resevwa yon pati ekitab nan vaksen an konpare ak lòt minisipalite yo nan Vil la. Ekite nan vaksinasyon an se yon priorite pou Eta New York epi Gouvènè a dakò ke alokasyon pou Bronx lan ba. Gouvènè a kwè sa espesyalman pa jis piske Bronx gen to pozitivite COVID ki pi wo nan Vil New York. Alokasyon Estad Yankee an (ki se yon sit komen ant eta ak vil la) ta dwe ogmante epi gen yon dezyèm sit nan nò Bronx ki ta dwe ajoute. Depatman Sante a pral travay avèk Depatman Sante Vil New York pou asire enjistis sa a rezoud touswit.

Anviwon 10 milyon Nouyòkè elijib kounye a pou resevwa vaksen an. Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib New York yo lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen komòbidite ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo elijib.

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve komòbidite a, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, e yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 13:00 AM jodi a. Apati semèn 9 la, alokasyon total yo genyen kèk dòz vaksen anplis ke nou te redistribye nan pwogram Etablisman Swen Alontèm federal la. Alokasyon total ki anba a genyen ladan l 33 pousan alokasyon semèn 11 la k ap fin distribye bay sit founisè New York yo dimanch.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Premye Dòz yo Resevwa - 2,942,765

Premye Dòz yo Administre - 2,674,839; 91%

Total Dòz yo Resevwa - 4,761,410

Dezyèm Dòz yo Administre - 4,170,422

Rejyon	Kantite Dòz yo Resevwa Ototal (1ye ak 2yèm)	Kantite Dòz yo Administre Ototal (Premye ak 2yèm)	% Dòz yo Administre/Resevwa Ototal (Premye ak 2yèm)
Capital Region	296,115	264,755	89%

Central New York	254,125	227,415	89%
Finger Lakes	293,585	267,051	91%
Long Island	616,440	519,509	84%
Mid-Hudson	466,180	382,839	82%
Mohawk Valley	143,680	118,110	82%
New York City	2,057,105	1,802,641	88%
North Country	154,555	144,974	94%
Southern Tier	157,120	145,485	93%
Western New York	322,505	297,643	92%
Nan tout Eta a	4,761,410	4,170,422	88%

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5	221,315	119,925	341,240	1,588,585

Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17				
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055
Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11: Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28*	129,865	100,905	230,770	4,761,410

**Chif sa yo reprezante 33 pousan alokasyon semèn 11 la. Yo prevwa pou alokasyon konplè semèn 11 la rive nan fen jounen dimanch 28 fevriye a.*

Jiskaprezan, sit distribisyon swen sante New York yo te administre 91 pousan premye dòz ke yo te resevwa nan men gouvènman federal la men akòz repatisyon limite gouvènman federal la, randevou yo te ranpli byen vit. Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb ['Èske M Elijib \(Am I Eligible\)'](#) a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou refilete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)